

VOTE SAN DANJE PANDAN COVID-19

Jou Eleksyon an se **Madi 3, Novanm 2020**. Ou ka vote san danje lè ou [vote bonè](#) nan sèten biwo vòt, [an pèsòn](#) nan Jou Eleksyon an, oswa lakay ou pa [bilten vòt pou absan](#).

Vote enfliyans dirèkteman kondisyon kominote w yo, tankou pi bon lojman, opòtinite edikatif, swen sante ak aksè a manje ki bon pou sante — tout sa ka abouti a pi bon rezilta sante pou ou menm ak fanmi ou.



Enskri pou Vote

Dènye jou pou enskri pou vote ane sa a se **Vandredi, 9 Oktòb 2020**. Ou ka [enskri sou entènèt](#), [an pèsòn](#) oswa pa [lapòs](#).

- Si ou gen yon lisans chofè, pèmi oswa kat idantite ki pa chofè ak nimewo Sekirite Sosyal, ou ka **enskri pou vote sou entènèt** lè w ale sou voterreg.dmv.ny.gov/MotorVoter.
- Pou **enskri pa lapòs**, vizite vote.nyc/page/register-vote pou telechaje yon fòm enskripsyon. Ou ka jwenn fòm nan bibliyotèk tou (jwenn kote nan [Bronx](#), [Manhattan](#), [Staten Island](#), [Brooklyn](#), ak [Queens](#)), [biwo lapòs](#), ak anpil [ajans gouvènman NYC](#). Ou kapab mande pou yo poste yon fòm ba ou tou lè ou rele 866-868-3692 oswa lè w voye adrès postal ou pa pa imèl bay vote@boe.nyc.ny.us avèk non minisipalite ou nan liy sijè a.
 - Yon fwa li ranpli epi siyen, voye fòm lan nan adrès Komisyon Konsèy Elektorale (Board of Elections) konte ou a (gade dèyè fòm lan).
 - Asire w ke fòm ou an tenbre avan **Vandredi, 9 Oktòb 2020**.
- Pou **tcheke si ou deja anrejistre pou vote**, vizite nycvotersearch.com oswa rele 866-868-3692.
- Pou jwenn **ki kote sit biwo vòt ou a ye**, vizite findmypollsite.vote.nyc.



Rete an Sekirite Pandan wap Vote an Pèsòn

Swiv etap sa yo pou asire ke ou menm ak moun ki ozalantou ou rete an sekirite ak an sante:

- **Mete yon kachnen.** Kachnen obligatwa pou antre nan tout biwo vòt yo. Pwoteje moun ki ozalantou ou epi mete yon kachnen kòrèkteman (sou nen ou ak bouch ou).
- **Pratike ijyèn men ki sanitè.** Sit biwo vòt yo ap bay dezenfektan men, epi ou ka pote pwòp pa ou tou. Sèvi ak dezenfektan pou men anvan ak apre ou fin manyen nenpòt sifas pataje, epi lave men ou avèk savon ak dlo imedyatman apre ou rive lakay ou. Evite touche figi ou avèk men ou ki pa lave.
- **Pratike distans fizik.** Biwo vòt yo pral ranje yon fason pou asire distans fizik. Swiv enstriksyon yo epi rete omwen 6 pye distans de lòt moun pandan w nan sit biwo vòt ou an.
- **Evite liy long ak foul moun.** Si ou kapab, **vote bonè**, anvan Jou Eleksyon an oswa ale lè sant vòt ou a mwens okipe, anjeneral nan mitan maten oswa bonè nan apremidi .

- **Rete lakay ou si ou malad.** Vòt enpòtan, men li pi enpòtan ke ou retabli anvan ou kite kay ou e ke ou ede anpeche lòt moun vin malad. Si ou pa gen yon bilten [vòt pou absan](#), kontakte [biwo Konsèy Elektoral Konte](#) ou a pou konsèy sou opsyon vòt ou yo.



Vote Bonè

Moun New York yo gen opsyon pou vote bonè. Vòt bonè kòmanse **Samdi, 24 Oktòb 2020** epi li fini **Dimanch, 1 Novanm 2020**.

- Sit vòt bonè ou a ka diferan de kote regilye ou a. Vizite findmypollsite.vote.nyc pou aprann nan ki sit ou ta dwe ale.
- Sit vòt bonè yo ap louvri:
 - Samdi, 24 Oktòb 2020, 10 a.m. a 4 p.m.
 - Dimanch, 25 Oktòb 2020, 10 a.m. a 4 p.m.
 - Lendi, 26 Oktòb 2020, 7 a.m. a 3 p.m.
 - Madi, 27 Oktòb 2020, midi a 8 p.m.
 - Mèkredi, 28 Oktòb 2020, midi a 8 p.m.
 - Jedi, 29 Oktòb 2020, 10 a.m. a 6 p.m.
 - Vandredi, 30 Oktòb 2020, 7 a.m. a 3 p.m.
 - Samdi, 31 Oktòb 2020, 10 a.m. a 4 p.m.
 - Dimanch, 1 Novanm 2020, 10 a.m. a 4 p.m.



Vote De Lakay Ou Etan pa Bilten Vòt pou Absan

Akòz pandemi COVID-19 la, tout moun New York gen posiblite pou mande yon bilten vòt pou absan epi vote pa lapòs.

- Pou aprann kijan pou mande yon bilten vòt pou absan, ale nan vote.nyc/page/absentee-voting.
- Dènye jou pou mande yon bilten vòt pou absan sou entènèt oswa pa lapòs, imèl, telefòn oswa faks se **Madi, 27 Oktòb 2020**. Sepandan, Biwo Lapòs la te avèti ke yo pa ka garanti ou pral resevwa bilten vòt ou a tan sof si ou **soumèt demann lan anvan 20 Oktòb 2020**.
 - Dènye jou pou mande yon bilten vòt pou absan an pèsòn se **Lendi, 2 Novanm 2020**.

Yon fwa ou resevwa bilten vòt pou absan ou an, ou ka retounen li pa lapòs oswa an pèsòn. Asire ou ke ou swiv enstriksyon yo egzakteman – sa a enpòtan pou asire bilten vòt ou konte.

- Si w gen entansyon voye bilten vòt ou a pa lapòs, li dwe tenmbre avan dat **Madi, 3 Novanm 2020**, menm si Biwo Lapòs la rekòmande pou w voye l tounen **Madi, 27 Oktòb 2020** pou asire li resevwa a lè.
 - Pou poste bilten vòt absan ou **dwe** mete tenm sou li. Asire ou ke ou gen tenm disponib epi ou ajoute ase pou voye bilten vòt ou a pa lapòs.
 - Ou ka swiv bilten vòt ou a nan nysballot.elections.ny.gov/TrackMyBallot pou asire ke yo te resevwa li.
- Bilten vòt yo ka livre tou an pèsòn nan biwo vòt ou oswa biwo Komisyon Konsèy Elektoral konte a nan dat 3 Novanm, 2020.